

CALLED BY NAME
Prayers of the Faithful

LI RELE-W PA NON-W
Lapriyè Fidèl

KREYÒL

Dezyèm Dimanch nan Tan Senn – 14/15 Janvyè 2012

- ° Pou tout pè, frè, mè ak dyak k-ap sèvi nan dyosèz nou rete fidèl a bèl prensip Kris an nou lapriyè Granmèt la...
- ° Pou Bondye bay gras ki nesèsè a manm dyosèz nou k-ap etidye kounye-a pou fè pè ou lavi konsakre pou yo kapab fidèl a vokasyon yo nan lavi, an nou lapriyè Granmèt la...
- ° Pou pwogram LI RELE-W PA NON-W tounen yon sous benediksyon pou pawas nou ak pou legliz la, an nou lapriyè Granmèt la...

Twazyèm Dimanch nan Tan Senn – 21/22 Janvyè 2012

- ° Pou Legliz la selebre san rete apèl chak manm nan batèm pou li sèvi, an nou lapriyè Granmèt la...
- ° Pou tout sila yo k-ap sèvi pawas nou jwenn fòs poutèt sipò nou nan renmen ak lapriyè, an nou lapriyè Granmèt la...
- ° Pou manm kominote pawas sa kontinye lapriyè pou e ankouraje vokasyon, an nou lapriyè Granmèt la...